

# REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

HAITIAN CREOLE EDITION  
U.S. HISTORY AND GOVERNMENT  
WEDNESDAY, JANUARY 24, 2024  
9:15 A.M. TO 12:15 P.M., ONLY

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi 24 Janvye 2024 — 9:15 jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen de (2) kesyon redaksyon-kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 3.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon (1) kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 rive 2 sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Frè m yo, nou dwe met tèt ansanm menm jan ak Anglè yo, si se pa sa n ap detwi. Ou konnen papa nou te gen anpil sèf ak po e plèn nou yo te chaje ak jibye ak kodenn, e bò lannè ak rivyè nou yo te chaje ak pwason.

Men, frèm yo, depi lè Anglè yo mete lapat sou peyi nou an, yo koupe zèb ak sèpèt, e pyebwa yo ak rach. Bèf ak cheval yo manje zèb, e kochon yo gate paloud nou yo; e finalman nou tout ap mouri grangou; se pou sa m ap mande w pou w pa rete nan limyè pa w sèlman men pou w deside aji tankou yon gason. Tout otorite yon [chèf tribi yo] ni nan lès, ni nan lwès te vin patisipe avè nou, e nou deside pou nou tonbe sou yo nan yon jou byen presi, donk n ap vin jwenn ou an kachèt, pakse w ka konvenk Endyen w yo [Amerendyen] pou yo fè sa w vle.

Sous: Narragansett Chief Miantonomo

1 Ki sa k lakoz sitiayson ki dekri nan tèks sa a?

- (1) Ameriken natif natal k ap gasiye resous naturèl
- (2) Ewopeyen ki vin enstale nan Amerik Dinò
- (3) Maryaj ki fèt ant moun ki Sot Angletè ki enstale yo ak Ameriken Nativ Natal
- (4) chèf te bay lòd pou detwi rekòt kolon yo

2 Ki aksyon Chèf Miantonomo sipòte?

- (1) kite tè yo epi vin tounen chasè ak moun k ap keyi
- (2) demenaje nan lwès Mòn Apalach yo
- (3) kreye yon alyans pou konbat kolon yo
- (4) fè antant lapè ak kolon Anglè yo

Baze repons ou pou kesyon 3 ak 4 sou deklarasyon ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... "Chak fwa nenpòt kalite gouvènman vin pou kraze objektif sa yo, se Dwa Pèp la pou l chanje oswa elimine l," ...

3 De ki prensip Limyè deklarasyon sa a ap pale?

- (1) dwa egal
- (2) libète reliyon
- (3) separasyon pouvwa
- (4) konsantman moun y ap dirije a

4 Ki enpak deklarasyon sa a te gen sou Revolisyon Ameriken an?

- (1) Li te lakoz monachi kolonyal
- (2) Li te soutni efò pou jwenn antant ak Angletè
- (3) Li te pèmèt yo jistifye konba kolon yo pou endepandans
- (4) Li te fè vin gen bezwen pou gen militè ki vin nan Ewòp

Baze repons ou pou kesyon 5 ak 6 sou pawòl ki pi ba yo ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Bato nou yo ap depase,  
Yon fwa blanchi lanmè a  
Yo di navige e yo retounen ak yon kago;  
Kounye a k ap ret la pou l gate  
Yo vin tounen yon pwoblèm,  
Pou Jefferson, vè, ak ANBAGO.

Sous: Henry Mellen, 1808,  
Massachusetts Historical Society Broadsides

5 Ide ki degaje nan chante sa a gen rapò ak


- (1) opozisyon pou vin gen plis esklavaj
- (2) sipòte patisipasyon Etazini nan gè Ewòp yo
- (3) sipòte anbagò a
- (4) opozisyon restriksyon nan transpò bato Ameriken

6 Poukisa Nouvo Angletè te gen enkyetid pou anbagò Prezidan Thomas Jefferson nan?

- (1) Li te bay rès peyi a moun pou travay.
- (2) Li te depann de komès ak etranje pou ekonomi l la ka fleri.
- (3) Sa te kreye yon fwontyè ak Kanada Britanik
- (4) Li te kreye plis pwodui agrikilti pase lòt kote nan peyi a.

Baze repos ou pou kesyon 7 ak 8 la sou kat ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Konfli pou Fwontyè ant Repiblik Tekzas ak Meksik, 1836



Sous: maps.com (adapte)

7 Kat sa a t ap pi itil pou etidye nosyon

- (1) Gè 1812 la
- (2) Doktrin Monroe a
- (3) Desten Klè
- (4) Teyori Sosyal Darwin

8 Konfli ki parèt sou kat la te regle grasa

- (1) vòt Lwa Missouri a
- (2) gè ant Etazini ak Meksik
- (3) aplikasyon lwa Kansas-Nebraska a
- (4) desizyon nan dosye *Gibbons v. Ogden* nan

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou moso tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**Karannsetyèm Kongrè. Sesyon I. 1882. Chapit 126.**  
**Yon lwa pou aplike kèk kondisyon antant ki gen rapò ak Chinwa.**

. . . *Entwodiksyon.* Men daprè Gouvènman Etazini an, travayè Chinwa ki vin nan peyi sa a menase lòd ki gen nan kèk zòn ki sou tèritwa l: Donk, Sena ak Chanm Reprezantan Etazini ki rasanble nan palman an, dekrete, apati ak aprè katrevendis jou aprè lwa sa a fin pase, e dis lane aprè lwa sa a fin vote, travayè Chinwa p ap ka antre Etazini; e pandan peryòd yo pa ka antre a li pa legal pou okenn travayè Chinwa antre, oswa si yo vini lè katrevendis jou a fin pase pou rete Etazini. . . .

Sous: National Archives and Records Administration

- |   |  |
|---|--|
| <p>9 Daprè moso tèks sa a, ki objektif prensipal lwa Kongrè sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) pou ogmante kantite travayè Chinwa yo pran pou travay Etazini</li><li>(2) pou anpeche travayè Chinwa antre Etazini</li><li>(3) pou pwoteje imigran ki soti Ewòp yo kont kondisyon travay ki pa bon pou yo</li><li>(4) pou egzije imigran ki gen paran etranje yo sèvi nan lame.</li></ul> | <p>10 Lwa Kongrè sa soutni objektif</p> <ul style="list-style-type: none"><li>(1) Moun k ap defann anviwònman</li><li>(2) Moun k ap goumen kont esklavaj</li><li>(3) Moun ki gen izin</li><li>(4) Moun k ap pwoteje dwa moun ki fèt nan peyi a</li></ul> |
|---|--|
-

Baze repos ou pou kesyon 11 ak 12 sou foto ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Fanm k ap manifeste devan Mezon Blanch pou dwa yo genyen pou yo vote nan lane 1917.



Sous: Library of Congress (adapte)

- 11 Prensipal objektif mouvman dwa fanm nan kòmansman 20yèm syèk la se te pou rive jwenn
- (1) egalite nan domèn politik
  - (2) menm salè a pou menm travay la
  - (3) amelyorasyon kondisyon lavi a
  - (4) pi bon opòtinite travay
- 12 Kiyès nan fraz sa yo ki reprezante yon rezon ki fè manifestasyon an te fè pale anpil?
- (1) Sena a te gentan anile anmannnan Entèdiksyon an
  - (2) Peyi a t ap viv yon moman kote popilasyon an te fache anpil poutèt koripsyon nan gouvènman an.
  - (3) Prezidan Wilson pa t met bagay fanm yo te mande yo nan Katòz Pwen l yo.
  - (4) Sitwayen ki ka vote yo t ap fè manifestasyon pandan bato anba lanmè Alman yo t ap atake bato Ameriken yo.

Baze repos ou pou kesyon 13 ak 14 ou yo sou pwezi ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Mwen menm tou

Mwen menm tou, mwen chante Amerik la.

Mwen menm ki se frè ki pi nwa a.  
Yo voye m al manje nan kizin nan  
Lè gen moun ki vini,  
Men mwen ri,  
E m manje byen,  
Epi byen grandi.

Demen,  
M ap sou tab la  
Lè gen moun ki vini.  
Pa gen moun k ap oze  
Di m,  
"Al manje nan kizin nan,"  
Lè sa a.

Okontè,  
Y ap wè janm bèl  
E y ap wont—

Mwen menm tou, mwen se Amerik.

Sous: Langston Hughes, 1924, in Rampersad and Roessel, eds.,  
*The Collected Poems of Langston Hughes*, Alfred A. Knopf

- 13 Ki nosyon ki pi byen dekri nan pwezi 1924 sa a Langston Hugues te ekri?


- (1) patriyotis                    (3) fyète rasyal  
(2) nationalis                    (4) rezistans san vyolans

- 14 Pwezi sa a se yon egzanz mouvman kiltirèl ki rele

- (1) Transandalis  
(2) Teyori Sosyal Darwin  
(3) Jenerasyon Ki nan Konfizyon an  
(4) Renesans Harlem nan

Baze repons ou pou kesyon 15 ak 16 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Se Sèl Fason pou n Jere Sa



Sous: Milton Halladay, *Providence Journal* (adapte)

15 Ki règleman ki plis koresponn ak opinyon ki degaje nan desen sa a?

- (1) Dwe gen kota pou imigrasyon.
- (2) Yo dwe bay refijye premye gè mondyal la travay.
- (3) Yo dwe ogmante tarif enpòtasyon yo.
- (4) Otorite federal yo dwe bay imigran yo èd.

16 Règleman desen sa reprezante a se yon repons ak

- (1) demann peyi a fè pou Etazini adopte yon règleman ki pi fleksib nan kesyon imigrasyon
- (2) kwayans ki fè konnen Etazini te dwe vin gen plis divèsite nan domèn kilti
- (3) kantite imigran k ap ogmante k ap vin nan Rejyon Sid ak Lès Ewòp
- (4) demann dirijan yo fè pou gen plis travay ki òganize pou travayè yo

Baze repos ou pou kesyon 17 ak 18 sou lèt ki ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

24 mas 1935

Chè Fanmi,

Èske gen nan nou panse nou te gen yon gwo tanpèt pousyè? M ap di nou sa l te ye. Nou t ap souke kabann, kapèt, elt.

Pandan plis pase yon semèn nou nan moman difisil. Pousyè a se yon bagay grav. Pafwa li ase pou nou wè antouraj nou; menm solèy la ka klere pou yon ti tan, apre sa nou gen yon moman kote n okipe anpil nan fè netwayaj, pou nou jwi yon kay ki pwòp ankò.

Nou kite pòt ak fenèt yo fèmen byen di, e nou met papye mou nan arebò yo. Ti grenn pousyè a al kole nan mi nou yo. Sa rive de fwa kote l li te mezire yon pous sou atè nan kizin nan.

Lè nou ouvè pòt la, yon gwo pousyè ap vire vin jwenn nou san pitye, e nou kontan retounen anndan pou nou vale pousyè. Nou pa t menm ka wè limyè lari ki devan kay la. . . .

Pou jaden yo menm, nou te fè you raboure tè a, men kounye a nou pa konn si nou gen plis oswa mwens tè. Li pa itil anyen pou nou plante.

Grace

Sous: Deb Mulvey, ed., "We Had Everything but Money" (adapte)

17 Ki grenn enpak sitiyasyon ki dekri nan lèt sa a genyen?

- (1) Koloni sou Grao Plèt yo te entèdi.
- (2) Anpil fanmi te oblige imigre nan lwès.
- (3) Yo te ogmante taks pou fèm fanmi yo.
- (4) Yo te met restriksyon sou ekspòtasyon pwodui agrikòl.

18 Ki aksyon New Deal ki te eseye rezoud sa k lakoz sitiyasyon sa a?

- (1) Securities and Exchange Commission te mete restriksyon sou konvèrsasyon k ap fèt sou mache bousye a.
- (2) Civilian Conservation Corps la te mete pwojè rebwazman sou pye.
- (3) Lwa Sekirite Sosyal la te bay pansyon pou moun aje.
- (4) Federal Deposit Insurance Corporation te pwoteje kont epay nan bank yo.

Baze repos ou pou kesyon 19 la sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Mwen wè yon tyè nan popilasyon an ki pa gen bon lojman, ki pa gen bon rad pou yo mete e ki pa manje byen.

Men m pa esplike nou sa paske m pèdi espwa. Mwen esplike nou sa ak espwa—paske pèp la, ki wè e ki konprann enjistis ki gen nan sa, pwopoze pou fè moun konprann sa. Nou detèmine pou nou fè chak gress sitwayen Ameriken sijè enterè ak enkyetid peyi sa a; e nou p ap janm konsidere okenn gwoup ki fidèl e ki respekte lalwa anndan fwontyè nou yo kòm pa itil [pa nesesè]. Sa k ap evalye pwogrè nou se pa si nou ajoute plis sou richès moun ki posede anpil yo; men se si nou bay moun ki pòv yo ase. . . .

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Second Inaugural Address, January 20, 1937 (adapte)

19 Ki pwogram prezidansyèl k ap genyen ki sanble ak ide ki nan tèks sa a?

- (1) Gwo Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson nan ki te egziste nan lane 1960 yo
  - (2) Antant Camp David Prezidan Jim Carter nan lane 1970 yo
  - (3) Règleman anrapò ak pwopozisyon bidjè Prezidan Ronald Reagan nan lane 1980 yo
  - (4) Batay kont teworis Georges W. Bush t ap mennen nan lane 2000 yo
-

Baze repons ou pou kesyon 20 ak 21 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### “Pou Bay Pi Gwo Tribunal La Èd Pratik.”



Sous: Gene Elderman, *Washington Post*, February 6, 1937 (adapte)

- 20 Ki pi gwo rezon ki te fè Prezidan Franklin D. Roosevelt pwopoze aksyon ki dekri nan desen sa a?
- Pi Gwo Tribil la te dwe gen plis divèsite.
  - Pi Gwo Tribunal la te deklare kèk pwogram New Deal pa t legal.
  - Jij ki nan Pi Gwo Tribunal la nan moman an pa t travay di ase.
  - Pi Gwo Tribunal la te dwe vin gen plis pouvwa.
- 21 Ki prensip legal aksyon Prezidan Roosevelt la te menase?
- chèk ak balans
  - gouvènman federal
  - pouvwa pèp la
  - gouvènman ki limite

Baze repos ou pou kesyon 22 ak 23 sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Sa k pase sèke kondisyon Ewòp mete pou 3 oswa 4 lane k ap vini yo pou machandiz etranje oswa lòt pwodui esansyèl yo—espesyalman sa ki sot nan Amerik la—pi pwo lontan pase kapasite l gen nan moman pou l peye k ap fè l oblige resevwa anpil lòt èd, oswa pou l viv difikilte ekonomik, sosyal ak politik ki grav anpil. . . .

Met sou enpak negatif sa ap genyen sou monn nan ak posibilité pou gen dezòz paske moun ki konsène yo pèdi espwa, konsekans sa ap gen sou ekonomi Etazini an ap parèt aklè nan je tout moun. Li lojik pou Etazini fè tout sa l kapab pou l bay èd li pou ekonomi monn nan ka rekanpe, e si se pa sa a p ap gen okenn stabilite politik e p ap gen lapè ki garanti. Règleman nou yo pa kont okenn peyi oswa doktrin men n ap goumen kont grangou, povrete, pou moun ki san espwa, ak dega. Objektif li ta dwe pou ekonomi nan monn nan rekanpe pou ka gen kondisyon politik ak sosyal k ap vin pi bon kote ka gen estitisyon ki lib ki egziste. . . .

Sous: Secretary of State George Marshall, June 5, 1947

- |  |   |
|--|---|
| 22 Etazini mete règleman sa a nan Ewòp nan objektif pou l konsève<br><br>(1) gouvènman demokratik yo<br>(2) diktati militè yo<br>(3) ogmantasyon popilasyon<br>(4) okipasyon | 23 Ki politik etranje pwopozisyon George Marshall la te plis sipòte yon fason dirèk?<br><br>(1) teyori pou pa fè echanj<br>(2) kontwòl<br>(3) enperyalis<br>(4) dezameman |
|--|---|
-

Baze repos ou pou kesyon 24 ak 25 sou moso entèvyou ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal

[Repòtè Mike] WALLACE: Pa gen pwoblèm mesye. Yon Tribunal Distri Federal gentan deside Little Rock [Arkansas] Central High School dwe entegre. E rezon pou anpeche entegrasyon an pa kanpe sou anyen [fèb]. Lè nou konsidere pwomès ou fè Prezidan an [Dwight D. Eisenhower], èske w ap respekte desizyon sa a e w ap bay otorizasyon w pou kòmanse demen maten?

[Gouvènè Orval] FAUBUS: Mwen te gentan bay otorizasyon m pou entegrasyon an. Nou pa t rele Chèf yo pou anpeche entegrasyon an, men pou yo kenbe kominote a nan lòd ak lapè. E, san dout, mwen pa dakò ak premye deklarasyon w fè a kote w te di nou konteste desizyon Tribunal Federal la, ki baze sou opinyon ki fè konnen lapè ak lòd nan kominote a enpòtan pou tout lòt pwoblèm yo. . . .

Sous: Mike Wallace interview with Arkansas Governor Orval Faubus, September 15, 1957

24 Pwoblèm yo pale de li nan entèvyou sa a soti nan efò pou aplike desizyon Pi Gwo Tribunal la


- (1) *Dred Scott v. Sanford*
- (2) *Plessy v. Ferguson*
- (3) *Brown v. Board of Education of Topeka*
- (4) *Heart of Atlanta Motel v. United States*

25 Ki aksyon Prezidan Eisenhower fè pou rezoud pwoblèm ki poze nan entèvyou sa a?

- (1) voye sòlda federal pou pwoteje elèv Afriken Ameriken nan Arkansas
- (2) siyen Lwa anrapò ak Dwa pou Vote Palman an te vote a
- (3) fòse Gouvènè Arkansas la, Orval Faubus, pou l demisyone
- (4) elimine diskriminasyon nan tout lekòl nan sid yo

Baze repons ou pou kesyon 26 la sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Alarankont Bagay Nou pa Konnen



Sous: Herblock, *Washington Post*, February 10, 1965

- 26 Ki gwo rezulta sitiyasyon ki nan desen an te bay?
- (1) Prezidan k ap kite pouvwa a te vin jwenn plis sipò politik.
  - (2) Konvèsesyon anrapò ak entèvansyon ameriken aletranje te vin ranfòse.
  - (3) Nasyonzini te vin gen enfliyans li sou politik etranje Ameriken an.
  - (4) Depans nan kad pwogram nan peyi a te ogmante.
-

Baze repos ou pou kesyon 27 ak 28 sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Sa gen uit mwa depi m te siyen Wholesome Meat Act 1967 la. Pwojè lwa istorik sa a te mete fen nan yon kanpay chanjman ki te kòmanse depi 60 lane—[sou gouvènman Prezidan Theodore Roosevelt la] pou nou asire nou madanm Ameriken nan kay yo bay fanmi yo manje vyann ki pa kontamine, ki p ap fè yo mal oswa ki pwòp oswa pa bay maladi.

Jodi a mwen fyè pou siyen pwojè lwa sa a k ap aplikab pou tout pwodui ki gen rapò ak volay. Se akonplisman yon pwomès mwen te fè madanm nan kay yo—nan premye mesaj mwen te voye bay konsomatè yo tousuit apre m te vin Prezidan.

Nan premye jou nan syèk sa a, Ameriken pa t bay danje ki gen nan achte manje enpòtans. Yo te menm fè blag ak sa a nan laprès. Jounal nou an te pibliyeyon ti pwezi:

"Mari te gen yon ti mouton,  
E lè l wè li malad,  
Li voye l nan vil yo anbale bagay la,  
E kounye a yo mete etikèt poul sou li."

Nan lane 1968, nou pa ka tolere imaj, oswa reyalite kote manje yo pa bon:  
—Se pa pandan Ameriken yo manje plis pase 12 milya liv volay ane pase.  
—Se pa pandan 13 pouasan nan pwoduit sa yo—oswa 1.6 milya—pa t byen verirye oswa pa t veririfye ditou paske l pa t depase limit Eta a. . . .

Lwa anrapò ak Pwodui Volay ki Bon ane 1968 la ap fè izin ki sal yo oblige fè netwayaj oswa fèmen.

Sous: President Lyndon B. Johnson, Statement Upon Signing  
the Wholesome Poultry Products Act, August 19, 1968

27 Ak travay ki moun ki vize pwogrè k ap batay kont koripsyon deklarasyon Prezidan Lyndon B. Johnson yo plis koresponn?

- |                 |                    |
|-----------------|--------------------|
| (1) Jane Addams | (3) Upton Sinclair |
| (2) Jacob Riis  | (4) Ida B. Wells   |

28 Ki konklizon nou ka fè daprè deklarasyon Prezidan Johnson nan?

- (1) Prezidan Johnson te prefere règleman ki retire restriksyon nan endistri a.
- (2) Kantite poul Ameriken yo manje t ap diminye.
- (3) Gouvènman federal la dwe gen izin ki anbale vyann pou vann.
- (4) Prezidan Johnson te soutni efò pou agrandi pwoteksyon konsomatè a

**Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak ksyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.**

## Pati II

### KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRK)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou ksyon sa yo menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

#### KRK Seri 1 (Kesyon 29)

**Sa pou fè:** Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

**Dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

**Kontèks Istorik** refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa developman yo nan dokiman sa yo.”

**Idantifye** vle di “bay yon non ak oswa nome.”

**Eksplike** vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre developman lojik oswa relasyon.”

#### **Kalite Relasyon yo:**

**Kòz** refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparision yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon developman.”

**Efè** refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezulta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon developman.”

**Resanblans** di “fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.”

**Diferans** di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

**Pwen Detèminan** se “yon gwo evènman, ide, oswa developman istorik, ki mennen chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejjonal, nasyonal, oswa jeneral.”

**Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29):** Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

## Dokiman 1

... Prensipal fason pou nou aji pou nou nan kesyon peyi etranje yo se pou nou agrandi relasyon komèsal nou pou nou ka gen nenpòt ti relasyon politik ki posib. Jiska preznan nou gentan kreye angajman n ap respekte ak onètete. Ann kanpe la a.

Ewòp gen yon seri enterè prensipal ki pa gen okenn rapò daprè nou oswa ki gen yon relasyon ki pa gen yon rapò sere. Donk sa ka fè l tonbe nan konfli, ki gen baz ki nou pa abitye enkyete nou pou yo. Donk li pa t ap saj pou nou ka antre tèt nou nan lyen relasyon ki pa gen bon fondman nan transfòmasyon [chanjman] òdinè politik ki yo oswa antant yo ak konfli nan zanmitay oswa dezakò yo.

Sitiyasyon kote nou detache e nou kenbe distans nou ede epi pèmèt nou pran yon lòt direksyon. Si nou rete yon sèl pèp, ki anba yon bon gouvènman, nou p ap pran anpil tan pou nou repare dega énmi ki sot nan lòt peyi lakòz; lè nou ka gen konpòtman konsa k ap pèmèt yo respekte retralite avèk atansyon [nèt] netralite a; lè nasyon ki agresif yo, lè yo wè yo pa ka achte nou, yo p ap pa manke pwovoke nou, lè nou ka chwazi lapè oswa la, daprè sa k nan enterè nou an, ki baze sou jistis, konseye nou. . . .

Sous: President George Washington, Farewell Address, September 19, 1796

**Ale nan dokiman 2 ➔**

## Dokiman 2

. . . Sitwayen Etazini yo renmen libète ak kè kontan anpil ak kontantman sitwayen parèy yo ki nan bò sa a [bò Ewopeyen an] nan Atlantik la. Nan gè Ewopeyen yo pou kesyon ki gen rapò avè yo, nou pa janm pran pou okenn pati, nitou pa gen sa nan [antant] ki gen règleman ki mande pou pou nou fè sa.

Se sèlman lè yo pase pye sou dwa nou oswa lè dwa nou menase toutbon nou santi sa fè nou mal oswa nou prepare pou n defann nou. Ak mouvman k ap fèt nan rejyon sa a, nou vin gen lis beszwen pou nou konekte tousuit, ak bagay moun ki eklere e ki pa gen patipri ap gade.

Donk, segrasa relasyon sensè [onèt] e ki baze sou respè [amikal] ki egziste ant Etazini ak otorite sa yo pou deklare nou ta dwe konsidere nenpòt efò y ap fè pou agrandi sistèm yo a nan nenpòt pati nan rejyon sa a kòm yon bagay ki danjere pou lapè ak sekirite nou. Nou pa p bloke koloni ki gentan la yo oswa depandans nenpòt otorite Ewopeyen e nou p ap kanpe anfas yo. Men, ak gouvènman ki te deklare endepandans yo e ki kanpe dèyè l yo, yon endepandans nou te rekonèt, ak anpil konsiderasyon ak prensip ki jis, nou pa t ka konsidere okenn opozisyon [blokaj] pou nou ka peze kou yo, oswa kontwole avni yo, grasa nenpòt otorite Ewopeyen nan nenpòt lòt fason ki pa montre yon dispozisyon ki pa amikal anvè Etazini. . . .

Sous: James Monroe, message to Congress outlining what became known as the Monroe Doctrine, December 2, 1823

### KRK Seri 1 (Kesyon 29)

**Sa pou fè:** Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

**Gid:**

#### Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

## KRK Seri 2 (Kesyon 30)

**Sa pou fè:** Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri konteks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans, oswa bi, oswa patipri*, oswa *pwen de vi* afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Nan devlope repos redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

**Dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

**Konteks Istorik** refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

**Analize** vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”


**Eksplike** vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

**Fyabilite** detèmine pa presizon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

**Enstriksyon KRK Seri 2 (Kesyon 30):** Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

## Dokiman 1

**Sa k gen apre!**



Sous: Udo J. Keppler, *Puck*, September 7, 1904 (adapte)

## Dokiman 2

Pou nou konnen tout detay nan komès gaz la, pou nou ka rive nan rejon ki pi lwen an nempòt lè, pou nou ka kontwole eleman ki pi fèb la—se konsa John D. Rockefeller te konprann biznis. Sanble se yon bezwen entèlektyèl pou l rive kontwole nempòt galon gaz depi lè l rive sou tè pou rive nan moman l al vide nan lanp yon madanm k ap jere kay li. Pa dwe gen anyen—anyen nan gwo machin li a li pa t konnen pou l te sèvi avè l. Se te pou l atenn objektif sa a, reponn ak bezwen sa a, ki fè l te desode, nan fen ane swasanndis yo [1870 yo], pou l òganize komès gaz la nan monn nan, piske l te gentan òganize tretman ak transpò gaz la. Motivasyon Mesye Rockefeller se te nouveau travay òganizasyon sa a, se pa t sèlman kiryorite l; bagay sa li si tèlman rayi [ki choke] l, ki se—konpetisyon. Si, jan l te di sa a, biznis gaz la se te pou li, e si, jan l te anonse sa a, li te prepare pou l trete tout gaz lòm ap itilize, se t ap tankou [konklizyon] mache nan monn nan se te pou li. . . .

Sous: Ida Tarbell, *The History of the Standard Oil Company*, 1904

### KRK Seri 2 (Kesyon 30)

**Sa pou fè:** Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

**Gid:**

#### Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

**Pati III****REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31–37)**

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

**Kontèks Istorik: Dwa Afriken Ameriken genyen pou yo vote**

Nan tout istwa Etazini, Ameriken yo te pale sou anpil kesyon legal ak sa ki konsène sitwayen yo. Akoz deba sa yo te gen moun, gwoup ak gouvènman ki te eseye rezoud pwoblèm sa yo. Efò sa yo te gen plizyè nivo siksè diferan. Youn nan kesyon legal e ki gen rapò ak sitwayen sa yo se *dwa Afriken Ameriken yo genyen pou yo vote*.

**Sa pou fè:** Li ak analize dokiman yo ki nan Pati A. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou reponn kesyon ki swiv yo chak dokiman nan Pati A. Repons ou yo pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w

- Dekri sikoritans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

**Nan devlopman respons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) eksplike vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Redaksyon Sou Konesans Sivik

### Pati A

#### Kesyon ak Repons Kout (31–36)

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

... Rezulta a [efò eta a] sa te bay se te eliminasyon dwa moun nwa genyen pou yo vote nan rejon Sid la. E menmsi ajan eleksyon ki janti yo te kite blan ki pa t reponn ak nouvo kritè pou yo kalifye yo enskri, kantite blan ki kalifye yo te refize tou. Pa egzanp Louisiana, te diminye kantite moun nwa k ap vote pou kantite a sot nan san trant mil pou desann nan mil. Mengen katreven mil moun blan k ap vote ki te pèdi dwa yo to. Nan lane 1898, Pi Gwo Tribunal la te ankouraje mouvman pou retire dwa moun nan lè yo te deside, nan dosye *Williams v. Mississippi* a, dispozisyon nan dwa pou vote nan konstitisyon 1890 eta a pa t vyole Kenzyèm Amannman an, piske yo pa t "fè diskriminasyon sou baz ras anfas yo."

Eliminasyon prèske tout moun nwa ak anpil moun blan ki ka vote pa t sèlman chanje tandans ki te la depi lontan nan dizneyèm syèk la pou dwa pou vote a, men li te transfòme yon gwo pati nan rejon Sid la e yo te vin tounen rejon ki gate [distri ki gen yon tikras moun pou vote parapò ak kantite moun ki gen nan popilasyon an], ki gen reprezantan nan palman ki t ap gen plis pouvwa nan tout peyi a pase sa ti kras moun ki vote yo. Katòzyèm Amannman fè konnen si gen nenpòt eta ki anpeche yon gwoup sitwayen gason pou yo gen dwa vote, li t ap pèdi plas li nan Palman an. Men, menm jan ak konstitisyon federal la, dispozisyon sa vin yon lèt ki pa vo anyen [pwomès ki pa respekte jis kounye a pou Afriken Ameriken.

Sous: Eric Foner, *Forever Free: The Story of Emancipation and Reconstruction*, Vintage Books, 2005

- 31 Daprè dokiman sa a, bay **yon** evènman istorik ki gen rapò ak dwa Afriken Ameriken genyen pou yo vote. [1]

---

---

Score

## Dokiman 2

Sa a se yon pati nan bwochi ki te pibliye nan Filadèlfia ozanviwon ane 1901. Se moun k ap travay pou chanjman ki te ekri l, ki te vle sipòte Afriken Ameriken ki t ap eseye vote nan Rejyon Sid Etazini.

### Bagay ki Kalifye Yon Gason Nwa pou l Vote nan Eta ki nan Sid yo



Pou w ka konnen sa y ap egzije w pou w vote daprè konstitisyon ak lwa plizyè Eta nan Sid, pi ba a nou bay kondisyon konplè pou chak tankou:-

NAN Alabama, Louisiana, Mississippi, Kawolin Dinò, Kawolin Disid, Virginia ak Tennessee

*OU DWE PEYE TAKS POU W VOTE.*

*OU DWE ENSKRI EPI KONSÈVE SÈTIFIKA ENSTRIKSYON  
Si w ka li ak ekri ou ka enskri.*

Nan Alabama, Louisiana ak Kawolin Disid

*Si w pa ka li ak ekri ou ka enskri si w gen yon byen ki vo \$300.*

NAN Arkansas ak Georgia

*OU DWE PEYE TAKS POU W VOTE.*

NAN Florid, Kentucky, Tegzak ak West Virginia

*Ou dwe rete nan Eta a.*

*Yon gason ki gen dosye nenpòt dosye kriminèl pa ka vote.*

Sous: What a colored man should do to vote, Press of E. A. Wright,  
Philadelphia, ca. 1901

- 32 Daprè dokiman sa a, bay **yon** egzijans ki te gen enpak sou kapasite Afriken Ameriken yo genyen pou yo vote. [1]

Score

### Dokiman 3

#### Fòmasyon prepare benevòl pandan ete yo

OXFORD, OHIO—Plis pase 750 benevòl te pran fòmasyon ki dire yon semèn konplè ki prepare yo pou travay ete nan Mississippi.

Te gen yon premye gwoup, ki te gen 223 moun, ki te rive nan Mississippi nan dat 21 jen. Gentan gen twa ki pa la, e sanble yo viktim yon zak kriminèl. . . .

Travayè nan ete yo, 60% ladan yo se blan, ap travay sou enskripsyon moun k ap vote yo, sant kominotè pou gason, epi fè kou nan Lekòl Libète yo.

Seyans fòmasyon yo te gen sipò Konsèy Nasyonal Legliz yo, ki gen Rev. Bruce Hanson ki soti Washington D.C. k ap dirije l, Manm ekip Student Nonviolent Coordinating Committee (SNCC) a, gwoup ki te kòmanse travay pou defann dwa sitwayen yo nan reyon andeyò nan Sid yo, te ede nan fòmasyon benevòl ete yo. . . .

Gwoup nan premye semèn nan te lanse yon apèl serye bay Prezidan Lyndon B. Johnson, pou mande l pou l bay yo memm ak Moun Nwa [Afriken Amerike] nan zòn nan pwoteksyon nan Mississippi. Yon otorite nan Depatman Jistis la te di yo gouvènman an pa t ka pwoteje yo, malgre te gen twa Lwa Federal ki te pèmèt ajan FBI ak ofisyè Federal yo pou yo aplike pouvwa yo antanke polisyè nan dosye senp sitwayen. . . .

Sous: *The Student Voice*, Student Nonviolent Coordinating Committee, June 30, 1964

- 33 Daprè dokiman sa a, bay **yon** efò ki te fèt pou rezoud pwoblèm anranpò ak dwa Afriken Ameriken yo genyen pou yo vote. [1]

---

Score

## Dokiman 4

YON SITWAYEN AMERIKEN K AP VOTE—SANDOUT PA GEN ANYEN KI ESPESYAL nan sa. Men, pou yon Afriken Anerijen ki t ap viv Fon nan Sid la nan ane 1960 yo, . . . se te yon aksyon ki entèdi, yon aksyon ki danjere. Te gen obstak ki te prèske enposib pou nou awonté: taks pou vote, egzamen pou teste konesans, e moun k ap fè enskripsyon yo agresif. Si yon moun te reyisi e l te gen otorizasyon pou l vote, yo t ap pibliye non l nan jounal lokal la, pou fè konpayi l ap travay la ak lòt moun ki gen menm motivasyon pou yo anpeche l konn sa. Gason ak famn nwa ki te pran dwa pou yo vote yo te pèdi travay yo, kay yo, e souvan, yo te pèdi lavi yo.

Menmsi sa yo pa t dekoraje. Yo te fè manifestasyon nan palè jistis rejyon an, yo te kanpe anfas polisyé, e yo t al nan prizon. Nan Selma, nan Alabama, nan dat 7 mas 1965, yon jou moun sonje ki rele Dimanch kote San t ap Koule, yo te sibi yon aktak vyolan sòlda eta a ak jij lokal yo. Evènman sa a te touche konsyans moun nan peyi a, pou fòse Prezidan Lyndon B. Johnson pou l mete yon pwojè lwa kòm priyorite nan objektif li. Si yo vote l sa ap pèmèt plizyè milyon Afriken Amerike pou yo vote nan Alabama ak lòt kote nan Reyon Sid la. Lwa sou Dwa pou Vote a [1965] te transfòme demokrasi Ameriken an e nan plizyè sans se te dènye lwa sou liberasyon an, yon demach Abraham Lincoln te kòmanse nan lane 1863. . . .

Sous: Gary May, *Bending Toward Justice: The Voting Rights Act and the Transformation of American Democracy*, 2013

- 34 Daprè dokiman sa a, bay **yon** efò ki te fèt pou elimine obstak ki anpeche Afriken Ameriken yo vote. [1]

---

Score

## Dokiman 5

### Enskripsyon daprè Ras, Anvan ak Apre 1965, nan Rejyon Sid Etazini Ki gen pwoteksyon Lwa anrapò ak Dwa Pou Moun Vote a (pousan)

	Enstriksyon anvan lwa a te vote (1965)		Enstriksyon apre lwa a te vote (1967)	
	Nwa	Blan	Nwa	Blan
<b>Alabama</b>	19.3	69.2	51.6	89.6
<b>Georgia</b>	27.4	62.6	52.6	80.3
<b>Louisiana</b>	31.6	80.5	58.9	93.1
<b>Mississippi</b>	6.7	69.9	59.8	91.5
<b>Kawolin Dinò</b>	46.8	96.8	51.3	83.0
<b>Kawolin Disid</b>	37.3	75.7	51.2	81.7
<b>Virginia</b>	38.3	61.1	55.6	63.4
<b>Total</b>	29.3	73.4	52.1	79.5

Sous: U.S. Commission on Civil Rights, 1975 (adapte)

**Remak:** Pousantaj yo se koresponn ak popilasyon ki gen moun ki gen laj pou yo vote Enskripsyon anvan lwa a te vote a se te nan mwa mas 1965; enskripsyon anvan lwa a te vote a se te nan mwa septanm 1967. Toulède chif yo se pou bay yon ide.

- 35 Daprè dokiman sa a, bay **yon** enpak Lwa anrapò ak Dwa Pou Vote a nan Sid la? [1]

---

---

Score

## Dokiman 6a

Pawòl ki annapre yo se Prezidan Barack Obama ki te di yo nan okazyon 50yèm anivèsè Lwa Anrapò ak Dwa Pou Vote a.


... Jan John [Manm Palman John Lewis] te montre sa, sa gen 50 lane, Prezidan Johnson te siyen Lwa anrapò ak Dwa pou vote a pou pwoteje dwo enpòtan sa a. Li elimine obstak legal nan nivo eta a ak lokal ki te anpeche Afiken Ameriken yo pou yo jwi dwa yo genyen pou yo vote. E nou tout gen yon gwo rekonesans pou, non sèlman John Lewis, men plizyè milye—nou pa konn non anpil nan yo—ki te pran kouraj yo pou yo mache epi al eseye enskri plizyè fwa, ki te resevwa menas akoz efò yo fè pou yo enskri—kiltivatè k ap fè echanj ak sèvant ak moun ki òdinè. Si se pa t pou reveye konsyans yon nasyon, Prezidan an pa t ap ka jwenn sipò politik li bezwen pou l pase lwa fondamantal sa a. . . .

Nan vrè vi a, toujou gen twòp fason yo dekouraje moun pou yo vote. Kèk nan pwoteksyon ki enstri nan Lwa sou Dwa Pou Vote a vin febli akoz desizyon tribunal la pran yo ak fason yo entèprete lwa a. Lwa nan eta a mete sou pye pwosedi ak pratik, menmsi yo parèt pa gen okenn enpak, yo dekouraje moun pou yo vote, e yo ka gen enpak di montre gen diskriminasyon kont kèk kategori moun ki ka vote.

E si pratik sa yo, mouvman sa yo, tandans sa yo ka rete san repons toujou, e tank tan ap pase, konba nou te genyen sa gen 50 lane ap pèdi enpòtans, e demokrasi nou an ap pèdi valè l. E sa vle di desizyon moun ki gen pouvwa yo ap pran nan tout peyi sa ap vin nan enterè yon tikras moun, olye pou yo ta nan enterè anpil moun. . . .

Sous: President Barack Obama, "Remarks on the Voting Rights Act," August 6, 2015

## Dokiman 6b



- 36 Daprè dokiman sa yo, bay **yon** rezon batay pou dwa Afriken Ameriken yo vote a dwe kontinye. [1]

Score

## Pati B

### Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzamp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik: Dwa Afriken Ameriken genyen pou yo vote

Nan tout istwa Etazini, Ameriken yo te pale sou anpil kesyon legal ak sa ki konsène sitwayen yo. Akoz deba sa yo te gen moun, gwoup ak gouvènman ki te eseye rezoud pwoblèm sa yo. Efò sa yo te gen plizyè nivo siksè diferan. Youn nan kesyon legal e ki gen rapò ak sitwayen sa yo se *dwa Afriken Ameriken yo genyen pou yo vote*.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikorans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sisyete Ameriken an

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Eksplike *omwen de (2)* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzamp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION